

DUNDUG SOXNA JAARA BUSO

Soxna Mariyaama BUSO ñu koy dàkkantale, ci jikko, Jaaratu-l-Laah (*dëkkandoob Yàlla bi*) gane àdduna ci atum 1833 ci as ndëkk su tudd Gollere ca Fuuta, génn àdduna ci atum 1866 ca Poroxaan.

Soxna Jaara BUSO mom Sériñ Hamaat BUSO (baayam) ak Soxna Asta Waalo MBÀKKE (yaayam), cosaano ci askanu Sériif gog calale ga dem na ba ca Imaam Hasan mom Imaam Aliwu mom Abii Taalib ak Faatima mom Muhammad Yonentub Yàlla (*jàmmi Yàlla ci ñoom*), [*xoolal callale gi fii ngir gàttal].

Mu dundoon ci loolu ag cell akub Yar ba war ci doomi Soxna jèle ko ci Waajuram wu Jigéen Soxna Asta Waalo MBÀKKE doon ab Jàngalekatub Alxuraan ak xam-xamu diine di yare ci Lislaam rawatina ci Tas-sawuuf, mu juddu ci loolu Yaayam ju farlu jooju yar ko ci.

Am njàngam ak ab Yaram

Soxna Jaaratu-l-Laahi BUSO jànge na alxuraan ci aji/way-juram wu jigeen wu séll wa te sàmmu, te doon senn Soxna su ame taxawaay bu mat sëkk ci Lislaam ci jàngale ak yare, niki Sériñ si, ba mokkal ko ci anam gu sell te sax ci jamono yi tuy am fukki at ak ñeente (14 i at).

Mu jàngal ko it xam-xamu diinéem niki jennal Yàlla (*Tawhiid*); Àttey Lislaam akuw yoonam (*Fiq*), Séllal ak jaamu ngir Yàlla dong (*Tassawuuf*), bamu wattu léen namu ware. Mu yar ko it ci Lislaam, ci jàng alxuraan, ak jéfe ab xam-xamam, yar ko it ci ngor, muñ, nangu, ak jépp jikko jees taamu ci as gor rawatina bu di ab jullit.

Bamu mujj di ku xarañe bépp xam-xamu Lislaam, te it di kuy jéfe ngirum Tassawuuf ci anam gu xóot.

Aywaay! ak li dund gi di gàtt lépp (33 i at) dé moon a téewul ci ag farloom bind na Alxuraan ñeen-fukki yoon ci yoxoy boppam (40 i kaamil) ba mujjoon di ab jàngalekatu Alxuraan ci taaral mbind.

As lëf ci ay jikkoom ak i meloom

Soxna Jaaratu-l-Laah Dëkkandoob Yàlla bi ci ag céll akuk sàmmu, Di Ab jullit bu di doomi jullit, Nangu te seere ni : «*Amul jenn Yàlla ju dul Alla, (Yàlla aji sàkk ji yélloo wul Wayjur, mbaa doom, épante naak di bokkaale ak kenn, Mooy dégg, Mooy gis) Muhammad (Jàmmi Yàlla ak xéewalam ci kawam) ndawul Yàlla la (ndaw lu mu jox Bataaxal bu ñeel nit ak jinne) nangu te jàpp ni Lismaam rekk mooy Diine*».

Gëm téerey Asamaan yépp te nangu ni Alxuraan a leen wuutu. Gëm dogal te diko rafetlu. Gëm Malaaka yi ak lépp li aju ci ngëm... Nangoo julli, Nangu woon a joxe Azaka, nangu woon a woor, nangu woon ni Aj war na ko aw yoon.

Soxna Jaaratu-l-Laah doonoon as gor su di doomi gor, di ku sàmmu, ragal Yàlla, Gëm Yàlla diko jaamu, Sopp Yonent bi, Bëgg ab Sériñam di wëye ay ndigëlam, fonk ay bokkam te nawloo leen, di ab jullit bu koy jëfe, di as gor su gore, di doomi Soxna su soxnaa, di ab jàngkat buy jàngale, di Boroom xam-xam bu ko daa jëfe, di boroom alxuraan ci bind ak ci wattu, doon ku nangu te man a muñ, doon ku yaru te daa yare, doon ku ñime njaboot te daa leen taxawu, doon it jigéen ju maandu ci gépp anam, Ku daa dunde Lismaam.

Ci lu dul weeru koor, baaxoo woon na di woor, koor yees taamu ci at mi, ak i koor yu mu tegoo woon. tegoo woon na it di jàng téereb «*Dala-ilul-Xayrâti*» bu Imaam Jazuuli, di ab téere bees taamu te fees dell ak i julli ci Yonent bi (*Jàmmi Yàlla ci moom*).

Li am daal, ay waxtoom ci jàng alxuraan ak tari ko la dëkke woon mbaa julli ci Yonent bi, ngir ndigalul Yàlla la lu woom la aki dëel.

Moom daal ci gàttal mooy Way-jur wu jigéen wu Seex Ahmadu Bàmba Xaadimul Xadiim, te Aji-bind ji (Yalla) neena : «*Suuf su teey / nangu dan a génne kemam ci ndigalul Boroomam*»

Muy li Wolof naan : « *Kéwël du tëb doom jay bëtt* »

Kon daal loolu rekk doyna ay jikko akuw tagg, ndax Bàyyi doom ju melni Seex Ahmadu Bàmba ci ag céll akuk sàmmu, wéetal Yàlla, te jox ko léppam, xam, xàmme di xamale, nangul Lismaam, yaru lool di yare...

jigeen ju ko ame làmboo mbooleem jikko yees taamu...

Soxna Jaara BUSO ci pénc mi (dans la Société)

Niki jigéen ñépp, baaxoos na jigéen ju mat a dem kér, fàggu lees ko boroom kér, ak it teewal ko ngir man koo dénk wax i njariñ, ak yee ko ci àddina xamal ko ni it, fa nga jém sa ab sang nga fay fekk, bu la Yàlla booleel, xamal ko it ni, Ngérëmul Yàlla akuk payam, ak doom ju raw i maasam, ñeel na soxna si ànd ak boroom kérëm ci li neex Yàlla, nangoo muñ, nangu, tey wéy ci ay ndigël.

Niki noonu lees ko defale Soxna Jaara ci bimu ci tollee, fàggul ko te tànnal ko ab Sériñ ci anam ga mu gëne, ak ci melo yi sax ci diiné. mu déglu it wax yu am solo yooyu ak soññee yooyu, ci ag teewlu, dégg ak topp.

Waaye ci yaru gi mu yaru ci xamlu Yàlla ak di jéem a xàmme, ak xalaat yu sori yi Sufiyànke yi baaxoo.

Neeñu ci loolu, bees koy jaarale ci yii, Mu Ubbi Kaamilu Alxuraan bi mu baaxo yor, ngir def ab natt, yam ci wax i Yàlla ji naan :

{ نَ يَبْنَ لَا مَاتَ أَخَوْهُ لُوسَرْ نِكْلَ وَ مُكْلَاجَرْ نِمْ دَحْ آبَدَمْ حُمْ نَ أَكْ أَمْ } (S33, L40)

« *Mohammad nekkul di baayub kenn ci yéen waayé kay Ndawul Yàlla la tey Yonent bi mujj* »

Cey ! lii déy màndarga la mu yaatu te bar i maanaa te doy Kiimaan ci way-xalaat yi.

Ci loolu mu dogu (ab sufiyànke la woon, te fa Suufiyànke ya, waci séen dogu, moo gën a tar dee fa ñoom) te jaayante ci topp Ab Sériñam ci jëmmam akuk ruuham (ndundam) kemm kàttanam ngir Yàlla dong, tey ku sàmm ay wareefam, am kersa akuk topp gu matale ñeel boroom kérëm.

Nu indi fi ak pàttali, Sériñ Muhammadu BUSO bokk ak Soxna si yenn way-jur, bimu tollee ci wut kér daa dogu ni :

« *Bu ma wóorul ni doom ju ma am Wàlliyyu lay doon duma samp kér* »
cey ! Pas-pas bu ni mel déy, la soxna si ame bi tuy dem kér.

Soxna Jaara BUSO doonoon Soxna su Maam Moor [Anta Sali] MBÀK-KE, Soxna jaara nag bokkoon ci askan wu di boroom Barke, Yàlla dénk leen am-am, te Yàlla def Maam Moor Anta Sëli mi mujj di boroom këram bokkoon ci askan wu seen wërsëg melul noona...

Amna wax i Sëriñ Tuuba juy wéral loolii : Amna bis am góor gu ñëw ci Sëriñ bi, melni ku yakkamti lool, Sëriñ bi neko : Diw... ! fàtte wu ma sama Nag wa.

Daadi ni : Jëmm jii de ba may gën di gone bind naa ab Kaamil, diko jox saa Baay Sëriñ Moor Anta Sali muni ma : Xanaa nga yobbu ko saalum ngir man cee am darra, - lu man a jëm ci kér gi - Sëriñ bi neena: Ma dem Saalum diko wecee ku, di wér ba am ku ma ko diktal mu ni ma: aah ! ndongoli man déy Soxla naako lool ndax bindiin wu taaru wi waaye xaalis de yoru mako, te xamnaa lima yor ab dongo du ko war a soxla, niko; Aw nag de laafi yor. Sëriñ bi neko: aah! aw nag moom lu ko yobbu dana jafe. Neena: nag woowee góor gii mooko ni man naala ko jiitalal, Sëriñ bi neena ma warlul ko Àjjana ak guddu-fan. Ni góor gi : «*gis nga sama ndëel ya ?*» muni ko : «*aah! gis naa benn bi de muy gudd fan gi, bi ci des kay a ma wóorul*».

Sëriñ bi neko : «*Waaw! bi ci des it noonu rekk, bul ko sikk !*».

Ci wax jii manees na cee xame ni Yàlla dénku léen woon alal jees man a gis. Waaye xanaa ñu di ay jaamukat i Yàlla, di ay boroom i xam-xam yuy jëfe seen i xam-xam, di ay jullit te doon i gor, sàmmu te ragal Yàlla.

Ci yii jikko daal la Kilifay Soxna Jaara BUSO xool, ba nangu faa maye séen doom, Soxna Jaara it ci yooyii jikko la xool ba nangul ko.

Loolu it masul di feeñ ci séenub ànd, xanaa ànd ak Moom ci dooleem ñuy dund ci sutura ak ngir Yàlla. Mu Jàppe ko ni ab sangam di topp ay ndigëlam ci anam gu yéeme.

Misaalum nittali bu siiw bii te doy kiimtaan, ñuni: Amna bis Maam moor Anta Sali di takk aw sàkket teye looko sàkket wa, dugg ci biir neeg bi, (xayna ngir jël lumu takke sàkket wi)faf Yàlla dogal mu dugg rekk, Yàlla sóob ab taw, mu far toog fa néeg ba.

Neeñu : ba ci fajar gi Maam Moor génn fekk Soxna si mu téye sàkket

wa. Muni ko : Aaah! yaw de xanaa fii lala taw bi fekk. niko : Waaw! lu tee bimuy taw nga dugg ci biir, man de jàppoon naani yaangi ci biir. Soxna si niko : Sa ndigël a ma ko teyeloo woon te ba leegi ndigël jugewaatul ci yaw bàyyi loo mako... Haakazaa !! Eskéy ! Lii déy yéem nama, te war a man a yéem waa jamono jii, ci lii numu man a ame.

Soxna si it liggeeyub kérém moom rekk a ko daan defal boppam, di ko def ca anam gamu ware, boole ko ak matal jaamuy Yàllaam.

Ci topp boroom kérém ak dabu ag càkkutéefam, ginnaaw Maam Moor ab sëriñam daa xawoon a jëm mag, te fiñu nekkoon xaw a àlle, ba tax sedd ba xaw faa tar, ci loolu daan na ko fàggul matt mumuy jaaroo, ngir mucc ci sedd boobu nga xamni baaxul ci mag.

Ba bis (xayna matt jafe nako), ngir bëgg a matale càkkutéef i boroom kérém, tax mu dàjji gaal gi mu daa denc i mbiram ngir taalale ko Ab sëriñam. Cey !!

Noonu it lako waykat ba waxe Seex Sàmba Jaara MBAY Taalubeb Sëriñ TUUBAA

Soxna Jaara neeñu : Masul a jug ci di dimbalante ñeel waa pénc mi, ci di taxawu ak di dundal jirim yi ak néew gi doole yi ci lu dul di sàkku ag cant ci nangukat yi, xanaa ngir jëmm i Yàlla rekk, ba waxees nani ci loolu la jèle Turam wii di Jaaratu-l-Laahi (*Dëkkandoob Yàlla bi*).

Soxna si ak njabootug boppam

Ci loolu Soxna si Yàlla may nako ci sëy bu barkeel boobu, ñéenti doom, yoy dinanu sawar lool ci tudd séen i tur, ak wax as tuut ci séen i jikko yu kawe. Nu lime léen nii :

1. Ab taawam moodi Maam Moor [Jaara] MBÀKKE (Boroom Saam walla Magi Mag) Mom Sëriñ Moor Anta Sëli MBÀKKE ak Soxna Jaara BUSO, doon ab jullit bu di doomi jullit, di as gor su di doomi gor, doon ku sàmmu te ragal Yàlla, daan jàng ak a jàngale Alxuraan, ci anam gu yéeme, daan jàngale it bépp xam-xam bu aju ci diine.

Neeñu saxoo woon na guddi gune téeméer i ràkkaa (100 i ràkka) nöp- pi jàng alxuraan bamu mat. bimu fi bawoo Sëriñ TUUBA seereel ko ni

: « *Man déy Sériñ MBÀKKE kajoor ak Sériñ Moor Jaara rekk laa mas a gis kuy dugg ci bàmmeel te yobbaale wu fa bàkkaar.* » Cey !!

Loolu di tegtale cofeel gu Sériñ bi amoon ci moom, ak rawati na nag di nu xemmeemloo yoon wi mu jaar ba am loolu.

2. Gi ci topp di Sériñ Habiibu-l-Laahi MBÀKKE Mom Sériñ Moor Anta Sëli MBÀKKE ak Soxna Jaara BUSO, doon ab jullit bu di doomi ñaar i jullit, di as gor su di doomi ñaar i gor.

Sériñ TUUBAA seereel na ko ni : ku amoon ab cér bu kawe ca Yàlla la.

Ba jamono yi mu nekkee, moom Sériñ Tuubaa Njaaréem (Diourbel, 1912-1927), baaxoo woon na di dem Xuru Mbàkke di Ziyaare Bàmmeelam.

3. Teg ci Soxna Faatima MBÀKKE Mom Sériñ Moor Anta Sëli MBÀKKE ak Soxna Jaara BUSO, doon ab jullit bu di doom ñaari i jullit, di as gor su di doomi ñaar i gor.

Ndeysaan ! moom nag ag dundam lu gâtta la ci ay at, dellu na ci Ajissakk ji ci jamonoy ndaw, Seex Siidiya Gànnhaar di ab Wàlliyu ca Gànnhaar seere na ci moom seere su rëy.

4. Haaakazaa ! Teg ci nag, Sunu waaji, Ki sunu làmméen ak sunuy cér dul deñ ci di ko tudd ak diko liggéeyal, «*Ki nga xamni jur ko rekk doy ay daraja*» Muy :

Seex Ahmadu Bàmba MBÀKKE Xaadimu-r-Rasuul Mom Sériñ Moor Anta Sëli MBÀKKE ak Soxna Jaara BUSO, doon ab jullit bu di doomi ñaar i jullit, di as gor su di doomi ñaari gor. Di Ab mujaddid bu Lislaam, doon liggéeykatub Yonent bi, Gëm Yàlla daa ko jaamu, Sopp yonent bi daa roy sunnaam, Bëgg ko lool mbëggeel gu amul dayo saxoon ci daa ko liggéeyal.

Moom daal nu bañ a sori ci jëmm jii, ndax Seex Saliwu Mbàkke neena : «*Ku/Lu ñépp xam ; wax ci tuuti doyna*» ! kon nu xelu te yam foofu.

Diggante Soxna Jaara ak Sériñ Tuubaa

Bees delloo ci mbindum Seex Muhammadu Basiiru «*Minanul Baaxil*

Xadiim» manga ca naan : Soxna si ku manoon a yare la, daan a yar ag njabootam ci di leen fàttali ak a nettali Xistay gaa ñu baax ña, di leen ko jàFFE ak di leen xamal lañu def ba yelloo séen may yooyii, di léen yar ci yuni mel, di léen ci nàmpatal.

Loolii nag mooy wareef wu jëkk wiy dox ci diggante way-jur ak doom ja, Soxna si matale ko lool.

Loolu topp na sunu Sériñ ba waxees nani jaarul ci po doonte gone baaxoo nako, waaye neeñu am powam moodoon, julleentu, jàngantu alxuraan, ak a bindantu... te looli kat lako Yaayam ju séll jii, kune ni woon siiw muy sa jos, nàmpatale.

Soxna si ci ag maandoom, bi sériñ biy gone daana def ay xarbaax mu koy yëg di ko gis, waaye Sériñ bi daa sàkku ci moom ngir mu bañ koo yegge Baayam walla mbooloo mi.

Soxna Jaara digganteem ak Seexul Xadiim weesu na rekk Saahir (lu feen) soosu, waaye sar na ba ci Baatin bu sax te keemtaane.

Barina ay nettali yu koy saxal sax, waaye nu Tànn ci rekk bu Sériñ Abdu Lahad MBÀKKE kirug dëggoom, muni :

Ba ñu dugalee Seexul Xadiim ci puq si woon ci Ndakaaru, mu xat lool, sëfees ko ak i rabb ak i fital, ndeysaan ! Soxna Jaara fekk na ko fa diko masta wu diko ñaax, diko fàttali lamu ko yarewoon, muy di xool ca gaa ñu baax ña wéy, ak lañu dajoon ngir yelloo séen i cer. Ba Yonent feeñu ko diko ñaaxe Amsatu, naako :

Xoolal Amsatu (*Jàmmi Yàlla ci moom*) di ab Sahaaba bu jàmbaare ak rayiin wu ñaaw wees ko ray, Cey ! wii way-jur...

Loolu la Sériñ Muusaa KA naan :

«*Neena kerog gis nafa sunu maam Jaara () Mu di ko ñaax te diko dolliy daara»*

«*Njool Mákka naan ko xalamal Sahaaba () Bu tudd amsatu li leey Xitaaba»*.

Sériñ bi nag, Ku fonkoon Soxna si la te daa ko wormaal. Dëkk biimu nekkoon di Poroxaan daa mujjoon gent, waaye Sériñ bee ko dekki-

Iul. Lépp ngir worma ak fonkeel ak bëg noo baaxe jeexit i Soxna si. Xabru ba it reeroon na, ba xameesul fumu nekkati, waaye Sériñ bee jox ndigël Sériñ MBÀKKE Kani BUSO, doomi nijaayam, ngir mu seetal ko te saytul ko barab boobee. Sériñ Mbàkke Gani BUSO def ay yitte, ba dégg ab pël bu ko xam.

Mu ànd ak moom ñu wër ba gis ko, mu koy taxawu ci ndigëlul Sériñ bi, ba ginnaaw bi mu tàbbi ci loxol Sériñ Muhammadu Basiiru MBÀKKE, mu koy taxawu ba nimu fi jugee, noonu it lako ak njabootam di taxawoo ba fimne.

Amna Sériñ bu sàmmuwoon, ragal Yàlla, di ab jàngkat tey ab jàngalekat, Muy Sériñ Sàmba Mareema Saa-kokki, doon wóllarew Maam Moor Jaara Mbàkke, Sériñu Soxna si, wayoon na ay woy ci araab ngir seere jikko yu sell te rafel yu mu gis si Soxna soosii di Soxnas Wól-lareem, Soxna Jaara BUSO.

Way yooyu waxees nani lu Sériñ bi fonkoon la, daako yér lu bari, ba mujj gi mu waylu waat ko ngir ag yaatal. Muy Xasida gu tudd ;

{ ي—كُلَّا مِيَرَمْ بْأَصْ خَيْشَلَا مَظَنْ رَيِّغَتْ يِفْ () ي—كَبَلَا نَوْضَرْ بَلْطَمْ }

(*Sàkkug gérëmul Kojug Mbàkke gi, Sériñ Tuuba ci yeesal woyuw Sériñ Sàmba Mareema Kokki*)

Loolu lépp di tektale ak cofeel akuk fonkeel gu mu am ñeel way-jur wi.

Haakazaa Sii Soxna ! Eskëy wii way-jur ! Cey bii jullit ! Aywaay ! gor sii ! ndeyaan bii yarekat !

[Soxna] Su làmboo lii lépp ci ay jikko akuw doxiin !

[Soxna] Su mel nii la suuf soxla ! [Soxna] su melniy a baax ci dénd bi ! [Soxna] Su melnii la Yàlla soxla ! [Soxna] Su melnii La pénc mi soxla ! [Jigéen] Ju melnii la doom yi soxla !

[Soxna] Su melnii la boroom kér yi soxla ! [Soxna] Su melnii la njaboot gi soxla ! [Soxna] Su melnii la Lislaam soxla ! [Soxna] Su melnii lees taamu ! [Soxna] Su melnii lees di fàttali ku !

Waaw kon ana lu tee ñi dëkk ak moom xëntewoo wuñu jéem a mel-nii ?

Ana lu tee nu gaaral (expose) aw doxiinam ak i jikkoom ci kanamu sunug njaboot ?

Lu tee nu jàppe ko royuwaayu askan wi ñeel Soxna yépp ?

Waaye fimne ak lii lépp tudd ci sunu aw làmmeñ Àllin Situwe JAA-TA mbaa ñu melni niki royuwaayu jigéeni réew mi mooy lu ràññeeku (formel/ officiel), tey lu dajale ba ñépp man koo wax ci barab yépp it, waaye tudd sunu soxna yi moom, daa melni lu “informel” la te it ku ci nekk ña féete ak yaw rekkay tudd saw tur, di wax say jikko, dila misaaloo (comme example). Ba mujj sax ñuy am ag pasu (complexe) ci tudd léen ngir bañ ñu ni fii nga bokk mbaa fee.

Nangu naa ak bañam akuk njàmbaaram ci kanamu Notaakon yi, waaye matul ab royuwaay sunu jigéen ñi ci wàllu diine, ndax wax dëgg Yàlla nag, moom daa amoon ay gëm-gëm i boppam, muy la maam ya daa dund muy ag xérém (animisme), ba bokkoon na ci xeexam bi gënoon a réy, delloo askan wi ak di léen xelal ci ñu dellu ci Jaamu li fi Maam yi bàyyi woon, te bàyyi diine yu bees yi fi gane si (nasaraan, Lislaam ak....).

Wax dëgg kii ak lumu jàmbaare-jàmbaare matul royuwaay ñeel sunu Soxnay Jullit yi. ngir Ab pas-pas moo war a jëkk ci ag roy, te wuute nañu ci.

Kon daal ku mu neex yamal ci diko sargale li mu def rekk, ak taxawaay bi mu amewoon ci kanamu tubaab yi, loolu mu gëmoon it nag du ab gàkk (faut() ci moom, ndax ci bañ gi mu doon bañ kenn moom ñu rekk la ko tegoon, tax mu bañaale bépp diiné bu fi nar a jèle li fi nekkoon. Waaye ginnaaw diiné yooyu nag nooko tånnal sunu bopp ginnaaw bi, nanu ci farlu te roye ci ñi ci nekkoon waliif keneen.

Héé ! mani nanu bàyyi par-parloo te yewwu, génn ci ag fasu (complexe), dugante, xam sunuy nit, xam séeni jëf, seen i melo, xam linuy jariñ nu jëfandikoo ko.

Waaye kii fee la bokk ak fii bu mu nu tee xamale sunu Soxna yu yée-me yii ci ay jëf, di yees taamu te war léen a jàppe niki ay royuwaay, ñeel askan wépp, tey jàngale jikkoy Soxna yii ak seenub taxawaay ci

njaboot gi ak pénc mi. Ngir nu man a am pénc mu dal te bar i jàmm, bari jaamukat i Yàlla, di ay jullit, yu sàmmu, sàmm séen ngor, di dund ci sutura, te mucc ci tooñ...

Lii daal lees di sàkku ci Yàlla aji maye ji.

Kii neena : Man de Soxna laa te ab jullit laa, waaye nii Soxna Jaara mel manu makoo mel ?

Wax nga dëgg kay ! waaye bu la loolu tax a sàggan mukk ba doo def kem sa kàttan te defe fi nga toll.

Ndax kat : bu ñu nee ku ñëw Tuuba daa ñu faj sa aajo, Sériñ si ak Taalube yi ñéppay jugandoo wut i Tuubaa, ñi yor Wata (auto) taal ko, ñi yorul Wata paas dem, ñi yorul paas dox wut i Tuuba. Te ku nekk xam nani boroom Waata yaa fay jëkk waayé du téré mukk ñi amul lu dul dox, séen tolluwaay la ñuy deme, muy dox, te ame pas-pasub dem saa bu ñu yeggee it baaxna, ginnaaw la ñuy wut i moom moo nga fa du jeex te gu yegg rekk jot si, njëkk nu fa du ko yàq te bu nu yegsee ba am ni boroom Wata nooy mujj yam.

kuy xalaatee nii de doo nangoo tèle darra lu sa moroomu nit def ndax dangay defe ca nanga ko mane rekk ak sa tolluwaay, li ci des Yàlla aji-tedd ji mookoy mottali.

Damay Waxni : Yàlla laaju nu nu “gën” fi waaye li mu nu laaj kay mooy nu def sunu kem kàttan! (*Allah ne nous demande pas d'être les meilleurs, mais Il nous demande seulement de faire de notre mieux*) kon nanu farlu te xamni nag Yàlla xamna li nu man, bu ñu ko deflu rekk danoo lank, te jaam bu lankal boroomam ab attéem leer na.

Nu leen di ñaanal Yàlla màggalug jàmm, ak i xeewal ak pajug aajo, ci bis bu tedd bii di Màggalug Proxaan, deesi ko fàttalikoo jëmm ju tedd, di Soxna su nu taamu, Soxna Jaara BUSO.

Abdu Xaadir GEY Ahloubadar

Poroxaan 2011 : Soxna Jaara Mariyama BUSO royukaayu jigéenu Jullit